

# APRANN GREFE



Misyon Batis Konsèvatris d'Haïti  
Fermathe  
Haïti

# APRANN GREFE

## KI JAN OU KAPAB REPWODWUI PYE BWA?

- Ak semans
- Ak makòt
- Ak grèf

Makòt, bouti ak grèf bay plizyè avantaj e yo pèmèt ou repwodui yon plant san ou pa bezwen genyen grenn.

## 2- KI SA YO RELE GREF?

Se yon operasyon kote yon pati yon plant ou ta vle repwodui (grefon) reyisi fè kò ak yon lòt plant pou yo tounen yon sèl pye bwa. Sa konn rive fèt natirèlman pou kont li men genyen teknik pou aprann fè grèf e ki pou pèmèt ou genyen plis chans reyisi.

### Fès atansyon:

Pou yon plant reyisi fè kò ak yon lòt fòk tou de fè pati menm fanmi an, tankou:

Zoranj, chadèk, sitwon ak mandarin ( la fanmi sitris)

Zaboka vèt ak zaboka vyolèt.

Mango Fransis, Mango Kòn ak Mango Batis oswa ninpòt lòt mango.

## 3.- KI AVANTAJ KI GENYEN NAN GREFE PYE BWA?

Yon pye bwa grefe bay:

**Menm kalite fwi** ak pye bwa kote ou pran grefon an. Ak yon grefon ou pran sou yon pye Madarin Jakmel oswa sou yon zoranj byen dous ou mèt sèten wap jwenn sou pye ou grefe a menm kalite Mandarin lan oswa zoranj dous la.

**Rekòlt rapid.** Pye bwa grefe komanse bay rekòlt pi bonè pase yon pye ou ta repwodui ak grenn. Lè ou sonje fòk ou ka rete tann pou yon grenn zaboka ou mete nan tè 7 oswa 11 lane anvan li donnen, 5 lane nan ka yon grenn mango, 5 oswa 6 zan nan ka zoranj, yon pye bwa grefe ofri ou.

Yon pye bwa grefe limenm, se sou 2 ou 3 zan li komanse donnen; kidikonk li rapòte lajan pi rapid tou

Ti pye bwa bye manbre. Ou jwenn bon rekòlt ladan yo ak gwo bèl fwi san pou otan li pa blayi kò li sou tè ou.

Pye bwa an fòm pi byen pòtan. Pou gen garanti wap jwenn rezilta sila a fòk ou sèvi ak pòt grèf ki reziste maladi e ki abitye ak tè nan zon kote ou ta vle plante fwi a.

#### 4.- KI SA YO RELE POT GREF?

Se plant ki pral resevwa grèf la, yo kapab mete yonn oswa plizyè grefon sou li. Se rasin pòt grèf la ki ap souteni e ki ap bay grèf la la nouriti. Li pèmèt grèf la benefisye abitud li deja genyen ak tè a e li pèmèt li reziste ak lite byen kont maladi.

#### 5.- KI JAN OU CHWAZI YON POT GREF?

Li enpòtan anpil pou nou chwazi bon pòt grèf ki byen adapte ak tè a. Chak zòn genyen kalite pye fwi ki pi ale avè yo.

Nan fanmi Sitris, se zoranj si ak gwo sitwon ki fè pi bon pòt grèf; yo adapte nan plizyè zòn nan peyi a, yo devlope rapid, yo pa malad fasil. Gwo sitwon an li menm gen san cho ki ap sikile anba kòs li tout tan.

Devlopman teknik yo pèmèt grefe pi jènn ti plan sitris ki pa pi gwo pase yon kreyon tankou gwo pye bwa ki genyen plis ke 30 ane. Pou gwo pye bwa yo fòk ou prepare yo anvan pou fè grèf sou yo.


#### 6.- KI JAN OU PREPARE YON POT GREF?

Nan ka ti plant ak jènn ti pye bwa fèk nou netwaye ozalantou, sakle raje pou yo ka resevwa solèy kòm sa dwa. Si yo anba gwo pye bwa nan sèten ka pito nou ta rache yo ak prekosyon pou nou ale plante yo pi lwen.

# GREFE AVÈK JE





Chwazi yon jèn ti branch ki pa ni wòwòt ni twò di pou fè grefon. Li dwe gen boujon ki gonfle men ki poko pouse. Grefon an dwe apeprè gwosè yon kreyon.



Koupe ni tèt ni anba branch grefon an. Sote fèy yo men kite yon ti chouk tij nan chak fèy.




Avèk yon jilèt oubyen yon kouto ki file anpil, koupe yon ti kal nan grefon an avèk je boujon an ladann.

Si ou wè ke ti kal bwa ki anba je a kapab soti fasil, wetire li, sinon kite li pou ou pa chire grefon an.



Koupe yon fant nan branch pòt grèf la ki ap resevwa je grefon an. Koupe yon dezyèm ti fant sou tèt premye fant la pou fè yon T. Louvri fant la dousman avèk pwent kouto a pou je grefon an sa antre ladann.

Mete je grefon an nan fant grèf la. Mete li tèt anlè pou boujon an anlè epi chouk fèy la anba.




Mare grèf la avèk elastik oubyen plastik. Pa kouvri boujon an. Apre 20 jou, koupe tèt pòt grèf la.

Yon grèf ki pran.


Yon grèf ki kòmanse fè youn avèk pòt grèf la.

# GREFE AVÈK GREFON





Prepare de grefon avèk bwa ki pa twò jèn. Taye baz li an pwent tou le de bò.


Loufri fant pòt grèf la avèk pwent manchèt la.




Koupe tèt pòt grèf la epi fè yon ti fant ladann.




Mete grefon yo nan fant pòt grèf la byen dwat epi pou sèv grefon yo kole ak sèv pòt grèf la.



Grefon sa yo byen plase.




**PA BON** – Grefon sa yo mal plase.





Kouvri tèt pòt grèf la ak tout pati ki koupe yo ak fant la tou avèk lasi. Chofe lasi a pou li fonn men pou li pa twò cho. Vlope grefon yo avèk yon sache papye.

Aprè 15 jou, chire yon ti twou nan sache papye a pou grefon yo sa pran yon ti lè. Aprè yon mwa wetire sache a nèt.


# DIVÈS GRÈF




**Grèf  
an  
Plak**



**Grèf an Wondèl**



**Grèf ti Grefon**



**Grèf an Lang**